

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan ngagunakeun basa aya opat komponen nya éta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*) (Tarigan, 1981:1). Aspék kaparigelan basa mangrupa aspék penting nu kudu dicangking ku murid pikeun ngahasilkeun prosés diajar ngajar nu aktip jeung kréatif.

Kaparigelan nulis mangrupa salasihiji komponén tina kaparigelan basa. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu *produktif* jeung *ekspresif* nu mibanda peranan anu kawilang penting pang-pangna dina widang atikan.

Dina KTSP, pangajaran basa Sunda di SMA ngawengku opat kaparigelan basa nya éta kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca jeung kaparigelan nulis. Dina pangajaran Basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa nu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasihijina kompetensi dasar nulis ésai. Standar kompetensi anu kudu kahontal nya éta mampu nulis pikeun ngebrehkeun pamikiran, perasaan, jeung kahayang dina wangun puisi, ésai, jeung teks drama.

Kaparigelan nulis moal datang sacara otomatis, tapi kudu loba prakték jeung latihan nulis tuluy tumuluy. Ieu hal dirojong ku ayana sawangan numutkeun Tarigan. Kaparigelan nulis numutkeun Tarigan dipibanda jeung dicangkem ku jalan prakték jeung latihan. Nulis mangrupa prosés aktip jeung kréatif nu kudu

diwangun dina diri siswa. Ku jalan nulis prosés aktip pikeun mikir sarta ngahasilkeun karya-karya nu kréatip tina hasil pamikiran dumasar kana pakta-pakta.

Pangajaran nulis ésai di kalangan siswa salasihiji kagiatan nu teu dipikaresep. Alesanana nya éta hésé meunang ide, milih kosa kecap, jeung nu paling hésé mah nya éta *menuangkan* gagasan kana hiji karangan. Komo deui kudu ngaluyukeun pemilihan kosa kecap jeung jenis karangan nu ditulis. Dumasar tina hasil panalungtikan di SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung nalika diajarkeun ngeunaan nulis ésai, katitén hasil diajar siswa réréana teu ngahontal KKM nu geus ditangtukeun. Data peunteunna bisa ditiénan saperti ieu di handap.

Tabel 1.1
Peunteun UTS Nulis Ésai Kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung
Semester Ganjil Taun Ajaran 2010/2011

No	Peunteun	Jumlah Siswa	Perséntase (%)
1.	90-100	0	0 %
2.	80-89	4	16 %
3.	70-79	2	2 %
4.	65-69	2	2 %
5.	< 65	20	80%
Jumlah		28	100 %

Dumasar kana tabél di luhur katitén peunteun hasil diajar siswa réréana kurang ti peunteun 65 atawa teu ngahontal KKM matéri pangajaran. Dumasar kana éta hal, disawang kudu ayana évaluasi jeung réfleksi tina hasil kagiatan pangajaran pra panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Tina kagiatan évaluasi kapaluruh yén dina kaparigelan nulis ésai aya sababaraha masalah nu kaalaman

salila kagiatan pangajaran, nya éta 1) siswa hésé nalika kudu nangtukeun téma dina nulis ésai, antukna ngabalukarkeun siswa leungit motivasi pikeun diajar; 2) siswa ngarasa hésé pikeun ngebrehkeun ide kana wangun tulisan kulantaran heureutna pamikiran siswa.

Lian ti éta, dumasar hasil wawancara jeung guru mata pelajaran Basa Sunda di SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung, meunang hasil yén lolobana siswa hésé nalika ditugaskeun nyieun hiji karangan. Masalah nu sok muncul nya éta siswa hésé ngébréhkeun gagasan kana hiji karangan. Masalah nu laina nya éta siswa sok salah ngaidentifikasi karangan nu ditulisna, naha saluyu jeung nu ditugaskeun guru atawa henteu.

Ieu hal nunjukkeun yén siswa can bisa mekarkeun idé nu geus aya, kulantaran siswa can mikanyaho informasi lengkep ngeunaan idé nu dipiboga. Dumasar hasil wawancara jeung guru mata pelajaran Basa Sunda, aya sawaktu-waktu guru maké média pangajaran pikeun ngamekarkeun kamampuh nulis siswa.

Média pangajaran nu kungsi dipaké ku guru dina prosés belajar mengajar nya éta ngagunakeun média koran pikeun ngaanalisis hiji tulisan, atawa mawa siswa ka luar rohangan sangkan meunang ide tina naon-naon anu ditempo di sakurilingna.

Nilik kana pasualan-pasualan di luhur, kudu aya tarékah sangkan pangajaran nulis ésai bisa leuwih ngaronjat sarta dipikaresep ku siswa. Nu jadi pasualan dina ieu hal nya éta média pangajaran anu dipaké pikeun nulis ésai.

Dumasar kana pasualan di luhur, panyusun baris ngagunakeun média foto jurnalistik dina pangajaran nulis ésai. Hal ieu didasaran ku ayana pamadegan yén

média pangajaran mangrupa salasihiji cara pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Sok sanajan loba paktor nu lain nu mangaruhan kana kabehhasilan KBM saperti guru, siswa métode pangajaran, jeung matéri atawa bahan pangajaran. Nanging dina ieu hal guru kudu miboga kréativitas nu bisa ngarojong kana kabehhasilan pangajaran sahingga siswa miboga kamampuan jeung katerampilan nu saluyu jeung tujuan pangajaran.

Dumasar kana pasualan di luhur, ieu panalungtikan bakal dipokuskeun kana pangaruh média foto jurnalistik kana pangajaran nulis ésai. Pangaruh média foto jurnalistik dipiharep bisa ngababarikeun siswa pikeun ngébréhkeun gagasana dina wangun ésai.

Média foto jurnalistik salasihiji média mangrupa komunikasi ngaliwatan foto, komunikasi nu dilakukeun bakal ngaekspresikeun pandangan wartawan foto kana hiji objek, tapi pesen nu didugikeun lain ekspresi pribadi.

Panulis miboga asumsi yén média foto jurnalistik bakal ngabantu kahontalna tujuan pangajaran, ieu hal geus dibuktikeun ku ayana panalungtikan nu dilakukeun ku Rita Juwitasari dina skripsi nu judulna “Pembelajaran Menulis Karangan Deskripsi Menggunakan Media Foto Jurnalistik (Penelitian Tindakan Kelas Kelas X semester 1 SMAN 15 Bandung Tahun ajaran 2006/2007)” ngébréhkeun yén penggunaan média foto jurnalistik bisa ngaronjatkeun kamampuh atawa kaparigelan nulis karangan deskripsi siswa. Ieu hal bisa ditempo tina prosés jeung hasil diajar siswa dina nulis karangan deskripsi aya peningkatan.

Dumasar kana pedaran di luhur, perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “Média Foto Jurnalistik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Ésai

- a. Kumaha prak-prakan makéna Média Foto Jurnalistik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Ésai Siswa Kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung?
- b. Kumaha hasil pangajaran Média Foto Jurnalistik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Ésai Siswa Kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung ?
- c. Kumaha suasana diajar nulis ésai ngagunakeun média foto jurnalistik siswa kelas XII IPA SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saperti halna anu geus disabit-sabit dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jentré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan hayang ngalarapkeun Média Foto Jurnalistik pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Ésai siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajar 2010/2011.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih spésipik, tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) prak-prakan ngajarkeun nulis ésai ka siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011 ngagunakeun média foto jurnalistik.
- 2) hasil diajar nulis ésai siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011.
- 3) suasana diajar nulis ésai ngagunakeun média foto jurnalistik bisa nyiptakeun suasana diajar nulis ésai pikeun siswa kelas XII SMA Kartika Siliwangi 2 Bandung taun ajaran 2010/2011.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat téoritis jeung manpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta bisa méré pangaweruh dina widang pendidikan, jeung bisa meunangkeun cara anyar hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis ésai.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis tina ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat pikeun siswa, guru, jeung panalungtik.

- 1) Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan (ngeuyeuban) pangaweruh sarta pamahaman dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, hususna dina ngaronjatkeun kamampuh nulis ésai;

- 2) Pikeun guru, dipiharep bisa dijadikeun solusi alternatif pikeun ngajarkeun nulis, hususna pikeun garonjatkeun kamampuh siswa dina nulis ésai;
- 3) Pikeun panalungtik, nambahan kabeungharan hasanah dina pangajaran nulis, hususna nulis ésai. Salian ti éta, sangkan leuwih apal kana cara ngaronjatkeun kamampuh nulis ésai.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan henteu salah tapsir ti nu maca, ieu di handap baris dijelaskeun kalawan écés ngeunaan istilah-istilah anu digunakeun dina judul ieu panalungtikan.

- 1) Média nya éta alat bantu nu digunakeun dina prosés diajar ngajar sahingga ngécéskeun pamahaman siswa kana matéri nulis ésai. Alat nu dimaksud nya éta foto jurnalistik.
- 2) Foto Jurnalistik nya éta foto nu dimuat dina média massa hiji panerbit.
- 3) Nulis mangrupa kagiatan nu ngébréhkeun pikiran, perasaan, gagasan, jeung pangalaman ku basa tulisan dumasar kana informasi nu dicangkem tina prosés ngadéngékeun, ngaregepkeun jeung maca.
- 4) Ésai téh nya éta karangan prosa nu ngabahas masalah sacara sepintas tina sudut pandang pangarang pribadi.

1.6 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi kabéhanana ngawengku lima bab, anu dijerona ngébréhkeun ngeunaan penjelasan anu sistematis dumasar kana maksud judul bab

anu didadarkeunana. Dina bab 1 dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung raraga tulisan. Dina bab II dipedar ngeunaan media foto jurnalistik, kamampuh nulis ésai, hubungan media foto jurnalistik jeung kamampuh nulis ésai. Dina bab III dipedar ngeunaan desain penalungtikan, *setting* panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, alat ngumpulkeun data, analisis data, jeung prosedur panalungtikan. Dina bab IV dipedar ngeunaan prak-prakan pangajaran nulis ésai ngagunakeun media foto jurnalistik, hasil diajar nyaritakeun pangalaman ngagunakeun media foto jurnalistik, jeung suasana diajar nulis ésai ngagunakeun media foto jurnalistik. Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil pembahasan jeung implikasi atawa rekomendasi anu ditunjukeun ka panalungtik jeung ka unggal pihak anu patali ngagunakeun hasil ieu panalungtikan. Lampiran-lampiran anu aya dina ieu skripsi diantaranya Rencana Prak-Prakan Pangajaran (RPP) pra-panalungtikan, RPP siklus I jeung siklus II, hasil nulis ésai siklus I jeung II, hasil observasi aktivitas guru siklus I jeung II, hasil observasi aktivitas siswa siklus I jeung II, jeung hasil catetan lapangan.